दिन—शुक्रवार दिनांक—05.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राजय सरकार पुल खसबाक घटनाक मामिला मे पन्द्रह अभियंता के निलंबित कऽ देलक अछि। एहि मे जल संसाधन विभागक एगारह आओर ग्रामीण कार्य विभागक चारि अभियंता छथि। संगहि दू अभियंता सँ स्पष्टीकरण मांगल गेल अछि। विकास आयुक्त चैतन्य प्रसाद जनौलनि जे नओ पुल पुलिया ध्यस्त भेल अछि जाहि मे छओ पुराना आओर तीन निर्माणधीन छल। श्री प्रसाद जनौलनि जे जाँच मे जनाओल गेल अछि जे अभियंता सभ पुल पुलिया के सुरक्षित रखबाक लेल ठोस डेग नहि उठौलनि विकास आयुक्त जनौलनि जे मामिलाक जांच चलि रहल अछि। आओर दोषी संवेदक सीा सँ पूरा राशि बसूलल जायत।

---

प्रदेश मे पुल खसबाक घटना पर आरोप—प्रत्यारोप बढि गेल अछि। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे पछिला किछु दिन मे राज्य मे बारह पुल खसल अछि जे भ्रष्टाचारक प्रकाष्ठा अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे, जे पुल खसल अछि ओसभ निर्माण ओ काल बनल छल जखन ग्रामीण कार्य विभाग जदयू लऽग छल। एहि बिच, केन्द्रीय मंत्री आओर जदयूक वरिष्ठ नेता राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह जनौलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादव के सवाल उठेबाक कोनो अधिकार नहि छनि। हुनका पुल खसबाक मामिला पर जवाब देबाक चाहि, किएककि ओ डेढ साल धरि ग्रामीण कार्य विभागक मंत्री छलाह। एम्हर, केन्द्रीय मंत्री आओर भाजपाक वरिष्ठ नेता गिरिराज सिंह जनौलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पूरा मामिलाक उच्च स्तरीय जाँच करेबाक चाहि।

---

राज्य सरकार लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभागक तीन हजार छओ सय करोड़ टाकाक टेंडर के निरस्त कऽ देलक अछि। एहि सँ पहिने आठ सय छब्बीस करोड़ टाकाक निविदा के सेहो रद्‌द कऽ देल गेल छल। विभागीय मंत्री नीरज सिंह बबलू जनौलनि जे महागठबंधन

सरकारक दरमियान निविदा काज मे गड़बड़ी भेल छल जाहि के संशोधित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओलंपिक लेल पेरिस जा रहल भारतीय दल सँ भेंटघाट कयलनि। खेलाड़ी सभ सँ गपशप मे श्री मोदी विश्वास जतौलनि जे ई दल देश के गौरवान्वित करत।

———————————————————————————

नीट–पीजी प्रवेश परीक्षा दू हजार चौबीस अगिला मासक एगारह तारीख कऽ दू पारी मे लेल जायत। आयुर्विज्ञान मे राष्ट्रीय परीक्षा बोर्ड आइ परीक्षाक संसोधित कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। ई परीक्षा के पछिला मास लेल जयबा सँ एक दिन पहिने स्थगित कऽ देल गेल छल। ई निर्णय किछु प्रतियोगी परीक्षा मे पारदर्शिता के लऽकऽ लागल आरोप के ध्यान मे राखैत लेल गेल।

———————————————————————————

बिहार विधान परिषदक नव निर्वाचित विधान पार्षद भगवान सिंह कुशवाहा के आइ शपथ दियाओल गेल। परषिदक कार्यकारी सभापति अवधेश नारायण सिंह श्री कुशवाहा के शपथ दिऔलनि एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सहित केतको वरिष्ठ नेता सभ छलाह।

———————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल आइ अपन अट्ठाईसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि मौका पर पार्टीक पटनाक प्रदेश कार्यालय मे समारोह आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

प्रदेश भाजपा दिस सँ बिहार कोटा सँ केन्द्र मे मंत्री बनाओल गेल सांसद सभक आइ पटना मे अभिनन्दन कयल गेल। समारोह मे केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी, ललन सिंह, गिरिराज सिंह, नित्यानन्द राय आओर सतीश दूबे छलाह।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार सीवान जिलाक बड़हरिया मे सभ सँ बेसी चौरानवे दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, किशनगंज मे नबासी आओर जमुईक गिद्धौर मे बिरासी दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान जनाओल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बिच राज्यक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, किशनगंज आओर मधेपुरा सहित हिमालयक तलहटीवला जिला मे आओर पटना आ गया जिला मे एक दु ठाम भारी बारिशक चेतावनी देल गेल अँछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आओर प्रदेश मे भऽ रहल बारिशक कारण कोसी, गंडक, बागमती आओर अधबारा समूहक नदी सभ उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे लाल निशान सँ पन्द्रह सेंटीमीटर ऊपर भऽ गेल अछि। परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ पचीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, गंडक नदी रेवाघाट आओर डुमरिया घाट पर जखनकि बागमती नदी बेनीबाद मे चेतावनीक स्तर के पार कऽ गेल अछि। कमला बलान नदीक जलस्तर मधुबनी जिलाक झंझारपुर मे लाल निशान सँ चौवालीस सेंटीमीटर कम बनल अछि। अधबारा समूहक नदी दरभंगाक कमतौल मे चेतावनीक स्तर के पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त